

MINISTÈ EDIKASYON NASYONAL AK FÒMASYON PWOFEYONÈL (MENFP)

FILYÈ ANSÈYMAN JENERAL

SERI: (SES- SVT-SMP)

BAKALOREYA PÈMANAN - FEVRIYE 2022

SEGONDÈ IV

KREYÒL



Konsiy: 1) Li entèdi pou gen selilè nan sal la.
2) Ou pa gen dwa pale nan sal la.

3) Fè yon bon egzamen.

Nan lonbraj inosans

Yon Milakalaw joudlan pase sou pase. Anpil bòl soup gen tan pèdi lavi yo. Reveyon sou fèt konpè Nikès, ansyen kako a ak kouzin Marant rale plizyè donn pwa chous depi yo tabli.

Y ap viv nan kay depi bèldriv. Marant pa bite fè okenn bèl. Yo mache di se yon move je nan zòn nan Ki lakòz. Se li yo di ki achte vant Marant[...] yo gaye nouvl.Nikès pa gason[...] Moun chaje tèt malere yo pou pa chape. Yo bay bwa manje. Yo fè plat marasa. Yo limen pou lanmò. Senp antere devan pye kabann yo. Makakri bade anba matla yo. Dwèt malere yo angoudi nan woule grenn chaplè devan ogatwa. Tou sa yo fè bichi. Yo bay kalfou manje. Yo rele nan pye Notredanm Nativite. Moun pare boutèy tranpe pou yo. Pwotestan bouyi sòm sou tèt yo. Yo dòmi ak labibanba tèt yo. Tout se kakarat dèyè bwèt.

Anyen pa bridging yon pa. Bri pi rès atò. Se vant Marant malveyan vann depi li te jenn demwazèl. Paske yon ti nèg nan zòn nan t ap file li. Marant pa te vle li... Wanga pa vire lòlòj fi a. Men wanga kondane vant li pou li pafè pitit. Vant Marant bay konplotay ak giyon legen.

Djòl tripòt, lang fouyapòt pa pran midi. Vire tounen, yo lage nan deng Nikès ak Madanm li Marant. Mesyedam yo san souf. Bil yo ap brase. Lapeti yo koupe. Pawòl sendenden yo anpare lespri yo. Yo pa konn Kote pou yo bay tèt. Doutans ponyen yo. Yo sou laj premye komisyon. Marant menm ak mouche li, yo rete y ap tann. Yo tè pwa tè mayi. Menm rèv ap bay tete Marant pa fè ankò. Rèv konsa bouke ak li. Yo kouri lwen li. Rèv yo koupe li bonjou. Yo kwaze pou li granchemen.

Sa ki te rete a atò, pèp koumanse fè koze mache sou yo. Chak timoun ki kontre ak Nikès, yo voye pwen sou li. Yo rele kenèp mal. Piga Marant fè bitay gen je wouj ak yon moun. Depi lè rimay fè move san, yo di milèt la ap voye zago. Yo di radi vann li ak mèt kalfou. Sa lakòz se mouch li fè. Li pa kab fè pitit tankou tout fanm. Radyès souse pitit nan vant li. Li an pèdisyon lavi diran. Pèdisyon peye po bannann pou vant Marant. Sò a ak vye mouche li pran bal yo nan fwon yo jan yo kapab. Sa fè yo mal. Men yo riziye yo mare zenba yo pou yo ka pran kè...

Jean- Michel Chery, 1985

Premye pati (30 pwen) :

(5 pwen pou chak bon repons)

A) Konpreyansyon Tèks

1. Eske konpè Nikès ak kouzin Marant genyen anpil tan depi yo ansanm ? Kisa ki fè ou di sa?
2. Ki move bri ki gaye sou de pèsanaj sa yo nan tèks la?
3. Ki gwo vid koup sa a genyen? Ki aksyon yo poze pou yo ka jwenn sa yo genyen bezwen an?
4. Ki konsekans move tripotay, fouyapòt t ap fè sou mesye dam sa yo te genyen sou yo?
5. Ki ide jeneral ekstrè sa a ?
6. Nan ki kategori literè ou klase ekstrè sa a ? Poukisa ?

B) Gramè – Vokabilè – Tradiksyon (35 pwen)

(5 pwen pou chak bon repons)

- 1- Endike nati pwopozisyon ki souliye nan fraz pi ba yo :

Fraz	Nati pwopozisyon yo
a) Mwen kwè <u>w ap reyisi</u> .	
b) Maryo ap pase lakay ou <u>si li gentan</u> .	
ch)Pyè wè moun <u>ki frape manchin nan</u> .	
d) Li fache <u>poutèt yo fawouche li</u> .	

2. Bay sans ekspresyon sa yo genyen nan tèks la:

- a) Li pa gason
- b) kenèp mal
- ch) Kakarat dèyè bwèt
- d) Tè pwa tè mayi

3. Men yon fraz :«Tripotay yo voye pwen sou moun yo »

Fè reprezantasyon grafik li.

- 4.Men yon fraz : «Mesye yo te fè travay la ».

a) Makè vèb ki souliye a se : _____

b) aspè a se : _____

- 5- Ekri yon fraz nan estil sa yo nan tèks la :

a) Yon pèsanifikasyon

b) Yon konparezon

6. Jwenn rezo leksikal: “ Kwayans” nan tèks la epi montre rapò li genyen ak sa Marant ak Nikès te konn pratike.

7. Tradui an kreyòl

La croyance est le fait de croire à l’existence de quelqu’un ou de quelque chose, à la vérité d’une doctrine, d’une thèse. Par exemple : la croyance aux fantômes

CH. Dezyèm Pati.

Pwodiksyon ekri

Chwazi youn (1) nan de (2) sijè pi ba yo :

1. Gen de jèn k ap bay opinyon yo sou sitiyasyon moun ki marye men ki pa ka fè pitit. Premye jèn nan di se mistik, se yon wanga yo fè pou anpeche li fè pitit. Dezyèm nan di : « Siman, youn nan de moun sa yo gen yon pwoblèm sante. Se kay doktè pou yo ale ». Sèvi ak agiman solid apiye pwennvi dezyèm jèn nan. Answit, pou moun ki kwè tout sa yo genyen se yon moun kap fè mal, se mistik, ba yo kèk konsèy.
2. Ekri yon lèt voye bay yon bon zanmi w ki malad, men ki refize al kay doktè paske li gen konviksyon

fòs mistik li kwè yo ap fè l jwenn gerizon. Eseye konvenk li pou li kapab chèche konn ki pwoblèm li genyen e ki tretman li bezwen swiv pou sa, kay doktè.